



## Mas Brit Verifye (VGM) Keson yo Poze Souvan (FAQ)

### Kisa sa vle di pou bay yon Mas Brit Verifye (VGM)?

VGM lan se Mas Kago Brit sètifye a (san blye pwa tout materyel anbalaj yo) plis mas vid kontenè a.

### Kilè yo mande VGM lan?

Yo mande VGM lan anvan yo chaje yon kontenè plen sou yon bato. Kago pap chaje sou yon bato jiskaske yo bay yon VGM sètifye.

### Kiyès ki responsab pou l bay yon VGM?

Dapre Organizasyon Maritim Entènasyonal la (IMO) Espedisyonè a, jan l defini nan papye yo, san kondiserasyon ki moun kap egzekite travay la, ap responsab pou l verifye pwa kontenè plen an ak pou l peye tout amann ki aplike nan ka li pa konfòm.

### Kijan yon espedisyonè founi yon VGM bay Seaboard Marine?

Regleman yo defini de metòd pou l resevwa yon VGM. Seaboard Marine prefere Metòd 2. Dapre Metod 2 espedisyonè a oswa, selon aranjman espedisyonè a, yon twazyèm pati peze tout bwat ak atik kago a, tankou mass palèt, bwa arimaj ak lòt materyel anbalaj ak sekirite kap fèmen nan kontenè a, epi ajoute mas vid kontenè a sou sòm mas izole ki nan kontenè a.

N ap fè w konnen, sèten kalite atik kago (paregzanp feray, sereyal ki pa nan sak ak lòt kago anvrak) pa fasil pou yo peze apa nan mitan atik ki pou fèmen nan kontenè a. Nan ka sa yo, Metòd 2 pa tap bon ni li pa tap pratik; kidonk, li pi bon pou utilize Metòd 1.

Dapre Metòd 1, apre yon kontenè fin plen epi fèmen, Espedisyonè a ka peze, oswa fè aranjman pou yon twazyèm pati peze kontenè chaje a.

### Kijan Seaboard Marine facilite itilizasyon Metòd 2 pou founi VGM lan?

Seaboard Marine ap pibliye mas a vid ekipman nou an. Mas vid la ap disponib tou atravè zouti sou entènèt (sou sit entènèt nou an ak nan pòtay kliyan nou an), pa mwayen elektwonik nan yon konfirmasyon rezèvasyon ak nan echanj enfòmasyon sou imel (electronic data interchange, EDI) (ANSI EDI322).

### Kijan pou m lokalize mas vid yon kontenè?

Anplis pòt dèyè kontenè a, Seaboard Marine ap pibliye mas a vid ekipman nou an sou sit entènèt nou an ak plizyè materyo maketing. Mas a vid la ap disponib tou atravè zouti sou entènèt (sou sit entènèt nou an ak nan pòtay kliyan nou an), pa mwayen elektwonik nan yon konfirmasyon rezèvasyon ak nan echanj enfòmasyon sou imel (electronic data interchange, EDI).

### Nan ki moman yo mande VGM lan?

Regleman SOLAS VGM lan entèdi spesifikman pou yon kontenè plen chaje sou yon bato si li pa gen yon VGM. Seaboard Marine ap adopte pa konsekan yon politik "Pa gen VGM, Pa gen Chajman" atravè rezo sèvis Seaboard Marine lan. Anplis, sèten operatè tèminal deklare yo ka pa aksepte yon kontènè nan tèminal la sòfsi yo founi VGM lan. Konsa li enpòtan anpil pou Espedisyonè a founi VGM lan depi nan premye etap pwosesis bay papye yo yon fason pou asire akseptasyon nan tèminal la epi pare pou l chaje nan bato ki la pou sa.

### Eske Seaboard Marine ap otorize kontenè nan pòt nan tèminal san Mas Brit Verifiye a?

Seaboard Marine ap travay ak operatè tèminal nan tout pò yo nan rezo sèvis nou an pou anpeche yo refize antre nan pòt tèminal la. Nan pò kote Seaboard Marine founi operasyon tèminal ak kapasite pezaj (sètadi PortMiami ak Houston) n ap pèmèt yo aksepte kontenè san yon VGM. Pou kontenè a ka chaje sou bato ki la pou sa Espedisyonè a dwe founi VGM lan anvan depi nan kòmansman operasyon chajman yo. Si VGM lan pa resevwa nan kòmansman operasyon chajman yo Seaboard Marine ap itilize pwa tèminal la dapre Regleman IMO yo Konsènan Mas Brit



Verifye yon Kontenè kap Pote Kago epi ap gen yon frè pou sèvis pezaj la. Seaboard Marine ap pibliye tou yon lis tèminal ki ka founi menm sèvis onon espedisyonè a ak depans ki asosye ak sa.

**Ki limit w ap planifye pou kounye a pou Mas Brit Verifye a?**

Mas Brit Verifye SOLAS la (VGM) obligatwa "anvan kago chaje sou bato a". Pou evite sitiyasyon ki pa klè, Seaboard Marine ankouraje Espedisyonè a founi VGM kontènè a anvan livrezon ki pwograme nan tèminal pò a. Sa ap bay Seaboard Marine tan pou l kominiye VGM lan bay operatè tèminal la epi asire yon kontenè ap aksepte nan ka kote operatè tèminal la mande VGM lan anvan kontenè a livre nan tèminal la.

**Kijan Seaboard Marine ap kapab resevwa Mas Gros Verifye alafwa pa mwayen EDI ak papye?**

Seaboard Marine ap aksepte papye VGM via sit entènèt nou an, pòtay kliyan nou an (eServicenter), via EDI ANSI 300 (Booking), via EDI ANSI 301 (Booking Confirmation), ak via EDI ANSI 304. Genyen tou devlopan atravè pòtay twazyèm pati tankou GT Nexus ak lòt ki pou detèmine pou aksepte ak transmèt VGM.

**Eske Seaboard Marine mande founisè a founi pwa brit la (kontenè + kago), oubyen pwa kago a sèlman?**

Regleman Mas Brit Verifye SOLAS la (VGM) mande espedisyonè a pou l founi mas brit verifye a (kago ak kontenè) nan bay operatè tèminal la ak transpòtè a anvan kontenè a chaje sou bato a. Bay pwa kago a sèlman pa respekte egzijans SOLAS VGM lan. Pwa kontenè ekri sou pòt dèyè kontenè a, epi espedisyonè a pa blije valide pwa a vid sa. Pwa a vid la ki sou kontenè a ka sèvi kòm youn nan metòd preskri yo pou verifye mas brit kontenè a pou operatè tèminal ak transpòtè a.

**Sizoka mwen gen lòt kesyon, avèk kimoun pou mwen pale nan Seaboard Marine?**

Se pa tout kesyon ki fasil pou jere poutèt anpil Peyi ak tèminal toujou ap konpile konsiy yo konsènan SOLAS VGM. Tout kesyon ki gen pou wè ak dat limit pou depoze VGM ak lòt kesyon ki gen pou wè ak sa dwe ale atravè reprezantan pèsonèl Seaboard Marine ou.